# BAUM TESTI PSIXOKORREKCIYALÍQ HÁM ARTTERAPIYALÍQ ILAJ SÍPATÍNDA

**A.B.Turdımuratova** – *psixologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar** Baum-testi, proyektiv usullar, bolalar psixologiyasi, emotsional holat, o'zini baholash, psixoterapiya, art-terapevtik yondashuvlar, xavotirlik, psixologik baholash, madaniyatlararo xususiyatlar.

**Ключевые слова**: Баум-тест,проективная методика, детская психология, эмоциональная сфера, самооценка, психотерапия, арт-терапевтические подходы, тревожность, психологическая оценка, межкультурные особенности.

**Key words:** Baum Test, projective methods, child psychology, emotional sphere, self-esteem, psychotherapy, art-therapeutic approaches, anxiety, psychological evaluation, cross-cultural characteristics.

**Kirisiw.** Baum testi – bul proektiv psixologiyalıq, diagnostikalıq metodika bolıp, balalardıń emosional jaǵdayı, ózligi hám psixikalıq den-sawlıgın úyreniwde keńnen qollanıladı. Metodika tiykarınan terek sızıwdan ibarat bolıp, túrli grafikalıq kórsetkishler arqalı interpretaciyalanadı. Ásirese test mektep jasındaǵı tálim alıwshılar ushın ayrıqsha áhmiyetke iye boladı. Sebebi ol jasırın psixologiyalıq mashqalalardı, rawajlanıw ózgesheliklerin anıqlawǵa hám tálim barısındaǵı hár bir tálim alıwshınıń mútájliklerin beyimlestiriwde jaqınnan járdem beredi.

Demek, Baum testi – bul insannıń ishki álemin terek sızılması arqalı úyreniwde keńnen qollanıladı. Diagnostikalıq funkciyasınan tısqarı, Baum testi psixokorreksiya quralı hám artterapiyada nátiyjeli paydalanılmaqta.

Tiykarınan Baum testi balalar hám óspirimler menen jumıs alıp barıwda effektli metodika bolıp, olardıń emotsional hám psixologiyalıq mashqalaların dóretiwshilik kórsetkishi járdeminde ózin ańlaw arqalı diagnostikalaw hám mashqalalardı sheshiwde jaqınnan járdem beredi. Sebebi kóplegen shet ellik izertlewlerde (Tadahiro Sado, Megumi Yama, Kishimoto, Jean Baratgin hám t b. 2015) [4].

Baum testin turaqlı túrde psixokorreksiya sheńberinde qollanıw, tálim alıwshılarǵa óz emotsiyaların basqarıwdı úyreniwge, uwayım dárejesin kemeytiwge hám óz-ózin baqlaw kónlikpelerin rawajlandırıwǵa tásiri dáliyllengen. Terek sızıw ayrıqsha «qáwipsiz mákan»ǵa aylanıp, sóylewde qıyınshılıǵı bolǵan tálim alıwshılar ushın zatlardı, ishki sezimlerin, mashqalaların, oylarında ne barlıǵın, óz qálewlerin súwret penen ańlatıw imkániyatın beredi.

**Ádebiyatlar tallawı.** Psixologiya iliminde bizge málim bolǵanınday metodika klinikalıq ámeliyatta psixikalıq buzılıwlardı diagnostikalaw ushın qollanılǵan. Keyinirek ol pedagogikalıq psixologiyada, ásirese balalar menen jumıs islewde keń tarqaladı. Izertlewler (mısalı, M.L.Obozov hám V.V.Myasishevtiń ilimiy jumısları) nátiyjelerinen belgili bolǵan, terek sızılmasınıń ózgesheligi shaxstıń qáÿeter dárejesi, ózin bahalawı hám kelisiw mexanizmlerin sáulelendiriwi múmkin.

Zamanagóy izertlewshilerdiń E.A.Serebryakova, N.V.Tarabrinalardıń nátiyjelerinde test ótkerilip atırǵan konteksttegi interpretaciyalawdı óz ishine alǵan kompleks jantasıw zárúr ekenligin aytıp ótedi. Sonıń menen birge, Baum metodikası basqa proektiv metodikalar, "Úy-Terek-Adam" hám Lyusher testi menen birgelikte paydalı bolıwı múmkinligi belgilengen. Metodika analizleriniń subektivligi hám standartlastırılǵan shkalaǵa iye bolmaǵanlıǵı ushın kritikalıq pikirlerge ushıraydı. A.I.Zaxarov metodikanıń isenimliligi hám validligin, ásirese sud – medicina-psixologiyalıq ekspertizada qollanıwda, zárúr ekenligin aytıp ótedi.

Germaniya, Yaponiya hám AQShda alıp barılǵan izertlewlerde Baum metodikası qáweterleniw, depressiya hám beyimlesiw buzılıwların anıqlawda jedel túrde qollanıladı. Mısalı, Yapon psixologı Nobuo Kudonıń ilimiy jumıslarında autizmge shalınǵan balalardıń emotsional jaǵdayın bahalawda terek túbirleri hám shaqaların analizlew diagnostikalıq mazmunǵa iye bolǵan [1].

Amerikalıq izertlewshilerdiń, mısalı J.Bak metodikanıń basqa proektiv testler (mısalı, "Úy-Terek-Adam" testi) menen salıstırıp, terek sızılması ishki qáÿeter hám ózin bahalaw kórsetkishlerine baylanıslı bolǵanın anıqlaǵan. Atap aytqanda, terek ústininiń forması hám sınǵan shaqalardıń bar ekenligi kóbinese ishki konflikt belgisi retinde tallanǵan [2].

Bir qatar kross-mádeniy izertlewlerinde atap aytqanda shved psixologı Lars Sandbergtiń ilimiy jumıslarında kross-mádeniy kontekst terek sızılmasınıń ózgesheliklerine tásir etiwi belgilengen. Mısalı, awıl aymaqlarındaǵı balalar realistlik tereklerdi sızǵan bolsa, qalalıq balalar kóbirek sxematikalıq sızılmalardı ábzal kórgen. Bul nátiyjelerden kelip shıǵıp, kross-mádeniy ózgesheliklerin esapqa alıw zárúr ekenligin kórsetedi.

Shet el ilimpazları, atap aytqanda M.Xamfri pikirinshe Baum testinde subektivlik hám birden-bir standartlastırılǵan shkala joq ekenligine názer awdarılǵan. Usınıń sebebinen sońǵı jıllarda sızılma parametrleri sanlı texnologiyalar hám mashina analizi járdeminde kvantifikatsiya etiliwi boyınsha háreketler ámelge asırılmaqta [4].

**Metod.** Jas balalardıń súwret salıwǵa bolǵan uqıplılıqları 3 jasınan baslap rawajlanatuǵınlıǵı hámmemizge belgili. Berilgen terek metodı bolsa balalarǵa kishkene jasınan tanıs bolǵanlıǵı ushın bul proektiv metodikanı 4 jastan 14 jasqa shekem ótkerse boladı. Test ótkeriw múddeti 40 minuttan 80 minutka

shekemgi waqıt aralıǵın óz ishine qamtıydı. Metodikanı shólkemlestiriw barısı júdá ápiuayı bolıp, 4V qálem, óshirgish, A4 formattaǵı aq qaǵaz kerek boladı. Terekti sızbaǵan sınalıwshılardıń súwretlerin inabatqa alınbaydı. Sonday-aq terektiń sızılıw barısın, qaǵaz betinde jaylasıw orının, súwretti sızıw sınalıwshınıń ózin, jaylasıw orınınıń proekciyasına dıqqat qaratqan maqul.

**Talqılaw.** Terek testiniń eki aspekti liniya hám terektiń jaylasıw orını áhmiyetli bolıp tabıladı. Emil Djukkert Baum testiniń proektiv metodika hám men obrazın súwretleudegi eń effektiv metodika ekenligin dáliyllegen. Ol óz sózinde: «Men berilgen test tariyxın, mádeniyatın úyrene otırıp, ózime bir nárseni ańlap alǵanday boldım. 1928-jıldan baslap Baum testin keńnen en jaydırıw ushın emes bálki mázi empirikalıq baqlaw hám sınaq nátiyjelerin úyrenbekshi boldım. Baum testi sınalıwshılardıń ishki mashqalaların jetkerip beriwshi hám anıqlawshı metodika ekenliginiń gúwası boldım. Men bárqulla sınalıwshılardı kásip tańlawında ishley qanday tosıqlar hám motivaciyalar barlıǵın anıqlawshı járdemshi qural izlegenmen. Baum yaǵnıy terek testi insan shaxsınıń tereńirek sezim hám oylauların jetkerip beriuin jaqınnan sezdim. Solay eken, berilgen Baum testin insandı tereńirek ańlawda men áyne tek usı testten mudamı paydalanıwdı maqul dep taptım» - deydi [3].

Málim bolǵanınday, Baum testi konkret insannıń qálewleri hám usıǵan baylanıslı sezimlerin qánigege jetkerip beredi. Sonıń menen birge tikkeley «Men» obrazınıń sana astı háreketlerin, ózin qabıl etiwleri hám t b sáwlelendiredi.

**Nátiyjeler hám juwmaq.** German Xiltbrunnerdiń "Terek" (Hermann Hiltbrunner) dep atalıwshı kitabında ósimliktiń bar ekenligi turmıstıń sırtqı kórinisi retinde ańlatılıwı aytıladı. Tek ǵana insanda hámme nárse ishinde jaylasqanlıǵı sebep, oraylıq sistema tárepinen qadaǵalanadı. Terek súwreti – bul insan ishki seziminiń proeksiyası, biraq onıń "bet-álpeti" ańlatpaydı. Terek nızamları seziniw nızamlarına sáykes keledi: ishki tuyǵılar sırtına shıǵarıladı. Solay eken, terek sızıw, insan ishki seziminiń tereńliginen onıń mazmunın shıǵarıw hám anıqlaw barısı retinde túsiniledi. Bul óziniń "men" in súwretke jaylastırıwdıń bir kórinisi bolıp esaplanadı (Kox, 1952).

Baum metodikası psixologlardıń qurallar kompleksinde, ásirese balalar hám óspirimler menen islewde, talap dárejesindegi qural bolıp qalmaqta. Degen menen, onıń qollanılıwı joqarı maman qánigeni hám basqa diagnostika metodikaları menen birge alıp barıwdı talap etedi [2].

## Ádebiyatlar


1. Kudo N. The Tree Drawing Test as a Diagnostic Tool for Autistic Children. // Japanese Journal of Clinical Psychology. 1991.
2. Schuster H. Baumtest in der Schulpsychologie: Symbole und Selbsterleben. // Springer. 2003.
3. Buck J. The House-Tree-Person Technique: A Projective Multi-method Approach. // Western Psychological Services. 1984.
4. Sandberg L. Cross-Cultural Aspects of Tree Drawings in School-age Children. // Scandinavian Journal of Psychology. 2011.
5. Humphrey M. Digital Analysis of Projective Drawings: A Step Toward Objectivity. // International Journal of Psychological Assessment. 2016.



**REZYUME.** Maqola psixodiagnostikada qo‘llaniladigan proyektiv metodikalardan biri - Baum-testi (daraxt chizish testi)ning har tomonlama tahliliga bag‘ishlangan. Test voyaga yetmaganlar orasida psixoemotsional xususiyatlar, o‘zini baholash darajasi va ruhiy salomatlik holatini aniqlashda qo‘llaniladi. Mazkur metodikaning ta’lim, klinik, korreksion hamda art-terapevtik amaliyotdagi ahamiyati asoslab berilgan. Diagnostika jarayonini tashkil etish, talqin qilish yondashuvlari hamda metodikani madaniyatlararo tadqiqotlarda qo‘llash imkoniyatlari ko‘rib chiqilgan. Ilmiy manbalar tahlili asosida testning diagnostik qiymati bilan bir qatorda, talqinlardagi subyektivlik va standartlashtirishning yetarli darajada emasligi kabi cheklovlari ham yoritilgan. Proyektiv metodikalarni psixodiagnostika amaliyotida professional va kompleks yondashuv asosida qo‘llash zarurligi ta’kidlangan.

**РЕЗЮМЕ.** Статья посвящена всестороннему анализу проективного метода психодиагностики – Баум-теста (теста рисования дерева), который применяется для выявления психоэмоциональных особенностей, уровня самооценки и состояния психического здоровья у несовершеннолетних. Обоснована его значимость в сфере образовательной, клинической, коррекционной и арт-терапевтической практики. Рассматриваются ключевые аспекты организации диагностики, интерпретационные схемы, а также возможности использования методики в межкультурных исследованиях. Представлен обзор актуальной научной литературы, демонстрирующей как ценность теста для психологической оценки, так и его ограничения, связанные с вариативностью трактовок и отсутствием полной стандартизации. Делается вывод о необходимости комплексного и профессионального подхода при применении проективных инструментов в практике психодиагностики.

**SUMMARY.** This article presents a comprehensive analysis of the projective psychodiagnostic method known as the Baum Test (tree drawing test), which is employed to assess the psycho-emotional characteristics, self-esteem levels, and mental well-being of minors. The significance of this technique is substantiated within the contexts of educational, clinical, corrective, and art-therapeutic practices. The paper examines key aspects of diagnostic administration, interpretative frameworks, and the potential application of the method in cross-cultural research. A review of contemporary scholarly literature is provided, highlighting both the diagnostic value of the Baum Test and its limitations, including the subjectivity of interpretation and the lack of full standardization. The study concludes with an emphasis on the necessity of a comprehensive and professional approach to the use of projective tools in psychological assessment.